№3
2024

OZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASI
NOKIS FILIALI

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY - METODIKALÍQ JURNAL

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW,
ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 3/2024**

## JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER

# QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR FOLKLORÍNÍŃ ÚYRENILIW MÁSELESI

**Palımbetov K.S.**
*ÓzRIAQQb Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı*

**Annotaciya:** Maqalada qaraqalpaq xalıq dástúr folklorınıń klassifikaciyası máselesi hám onıń úyreniliwi haqqında sóz etiledi. Qaraqalpaq ilimpazları N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, O.Kojurov, N.Baskakov, Q.Maqsetov, N.Japaqov, Á.Tájimuratov hám t.b. klassifikaciyası analizlenedi. Dástúr folklorın janrlarǵa jiklewdegi kózqaraslar, ilimiy pikirler talqılanadı. Dástúr folklorı úlgilerin máwsimlik hám shańaraqlıq sıyaqlı eki túrge bolıp úyreniw usınıs etiledi.

**Tayanısh sózler:** Folklor, xalıq qosıqları, salt-dástúr, úrp-ádet, janr, túr, klassifikaciya.

**Аннотация:** Статья посвящается вопросу классификации и изучения каракалпакского народного обрядового фольклора. Проделан анализ классификаций, представленных каракалпакскими учёными как Н. Дәуқараев, Қ. Айымбетов, О.Кожуров, Н. Баскаков, Қ. Жапақов, Ә. Тәжимуратов и др. А также рассмотрены научные мнения и взгляды касательно жанрового состава обрядового фольклора. В статье выдвигается предложение изучать образцы обрядового фольклора по двум параметрам как "сезонные" и "семейные".

**Ключевые слова:** Фольклор, народные песни, обряды, обычаи, жанр, вид, классификация.

**Abstract:** This article is dedicated to the classification and study of Karakalpak folk ritual folklore. The analysis includes classifications presented by Karakalpak scholars such as N. Dauyqaraev, K. Ayimbetov, O. Kozhurov, N. Baskakov, K. Zhapaqov, A. Tajimuratov etc. Scientific opinions and views regarding the genre composition of ritual folklore are also examined. The article

proposes studying samples of ritual folklore based on two parameters: "seasonal" and "family."

**Keywords:** folklore, folk songs, rituals, customs, genre, type, classification.

Folklordıń barlıq janrları hám túrleri xalıqtıń etnografiyası menen tıǵız baylanıslı. Sebebi, folklordıń kópshilik úlgileri xalıqtıń quwanıshlı hám qayǵılı kúnlerinde ótkeriletuǵın hár qıylı úrp-ádet, salt-dástúrleri paytında orınlanadı. Olardıń ayırımları muzıka saz ásbabı járdeminde, al ayırımları muzıkasız atqarıladı. Qaraqalpaq xalqı hesh waqıtta kórkem ónersiz, saz-sáwbetsiz jasamaǵan, sonıń ushında kórnekli ilimpaz N.Dáwqaraev: «Qaraqalpaq xalqı óz tariyxınıń qayǵılı kúnlerinde de, waqtı xoshlıq, qapalıǵında da, ashlıq, toqlıǵında da qosıqsız, sazsız, sóz ónerisiz tura almaǵan. Bala ingalap tuwılǵannan baslap, qartayıp ólgenge shekemgi ómir, hátte ólgen adamdı jerlew, eske túsiriw de qosıq penen, sóz óneri menen ótken» [1.45], - dep jazadı. Ilimpazdıń bul pikirleriniń durıslıǵın búgingi kúngi bay awızeki ádebiyattıń úlgileri, hár qıylı janrlar hám olardıń túrleri tastıyıqlaydı.

Qaraqalpaq folklorı úlgilerin janrlarǵa jiklew hám túrlerge ajıratıw isi XX ásirdiń 30-jıllarınıń aqırında qolǵa alınadı hám eń dáslep 1938-39-jılları Q.Ayımbetov hám O.Kojurovlar qaraqalpaq folklorı janrlarınıń túrlerin keltirip ótedi, solardıń ishinde dástúr qosıqlarına tiyisli «Bet ashar», «Joqlaw»dı óz aldına keltiredi [2.79-80]. Bul ilimpazlardıń folklor materialların janrlarǵa bólip kórsetiwige háreket etiwi dáslepki qádemlerden edi.

Bunnan soń belgili tyurkolog N.A.Baskakov 1926-jıldan baslap Qaraqalpaqstanda jasap xalıqtıń tili, dialektologiyası, etnografiyası, folklorı boyınsha materiallar jıynaydı hám ózi jıynaǵan folklor materialların janrlarǵa bóledi. Ol folklor materialların mazmunına qaray «Sem'yalıq turmıs, dástúr folklorı», «Tariyxıy epikalıq janrlar», - dep eki tarawǵa bólip qaraydı. Ilimpaz qaraqalpaq dástúr folklorına tiyisli úlgilerdi birinshi tarawda beredi hám usı birinshi tarawdı ekige bólip kórsetedi. 1. Aytımlar hám qosıqlar. Buǵan magiyalıq

tásirge iye, erteden saqlanıp kiyatırǵan qosıqlar kiredi: a) Aÿırıwdı emlew ushın aytılatuǵın eski dáwirlerden qalǵan aytımlar – bádik hám gúlapsan); b) Shaman dininiń tásirinen qalǵan zikir salıw hám basqa da porqanshılıqqa baylanıslı aytımlar; v) Musılman dininiń bayramlarına baylanıslı aytılatuǵın qosıqlar: ayt-qurban, ayt-ruwza, yaramazan. 2. Xalıq dóretiwshiliginiń turmısqa baylanıslı janrları: a) Balalar qosıqları háyyiw, besik jırı, balalardıń ózleriniń qosıqları; b) Qız-kelinshekler qosıqları: aytıs yamasa juwap; v) Toy qosıqları (háwjar, bet ashar, alǵıs sóz); g) Ólimge baylanıslı qosıqlar (joqlaw, jılaw); d) Qosıqlar (doslıq, lirikalıq, muhabbat, házil, satiralıq hám t.b.); e) Ertek (qıyalıy hám hayÿanlar ciklinen); j) Báyt: z) Xalıq dóretiwshiliginiń mayda formaları (maqal yamasa naqıl), jumbaq, jańıltpash, kúlki sóz [3.7].

N.A.Baskakovtıń joqarıda kórsetip ótilgen klassifikaciyasınıń birinshi bóliminde «qaraqalpaq dástúr folklorı»n belgili dárejede ayırıp kórsetken. Sonlıqtan biz ilimpazdıń ekinshi taraw boyınsha, yaǵnıy «Tariyxıy epikalıq jırlar»ǵa islegen klassifikaciyasına toqtamaymız. N.A.Baskakov islegen klassifikaciyaǵa professor Q.Maqsetov bılayınsha pikir bildiredi: «...shártli túrde qaraqalpaq folklorınıń formalıq ózgesheliklerin esapqa alıp, janrlarǵa bóliw bar. Álbette, bul klassifikaciya dialektologiyalıq miynetke baylanıslı keltirilgenlikten tek formalıq ózgeshelikler ǵana esapqa alınǵan. Degen menen bul klassifikaciyanıń faktlerge súyengenligin, bay materiallar tiykarında islengenin aytıw kerek» [4.44], - dep unamlı baha beredi. Sońınan qaraqalpaq folklorınıń jetilisken túrin N.Dáwqaraev isleydi. Ol qaraqalpaq folklorınıń janrların lirikalıq hám epikalıq janrlar dep ekige bóledi hám lirikalıq janrlardı: 1) qosıqlar (jaydarı qosıqlar, aytıs hám juwap, báyt, balalar qosıǵı, jumbaq, bádik, yaramazan. 2) Salt-ádebiyatı (hayya, xoshlasıw, háwjar, bet ashar, joqlaw. 3) Atalar sózi (naqıllar, maqallar, pátiya, tolǵaw) dep bólip úyrenedi. N.Dáwaraev «qosıqlar», «salt-ádebiyatı», «atalar sózi»n (olardıń hár birin) janr dep qaraydı hám onıń ishindegi, mısalı, háyyiw, xoshlasıw, háwjar, bet ashar, joqlaw t.b. túr dep qaraydı [5.38-39].

Ilimpazdıń qaraqalpaq folklorı janrların sol dáwirlerde (1946-50-jılları) usılay klassifikaciya islep, janrlarǵa hám túrlerge jiklep úyreniwi ilim ushın oǵada áhmiyetli edi. Jáne de N.Dáwqaraevtıń salt-ádebiyatı boyınsha: «Adam dún'yaǵa kelgennen baslap, qartayıp ólgenge shekemgi tirishilik turmıs, isleytuǵın is, júris-turıs, háreket, qıymıl, otırıw-turıw, júriw, sóylesiw hám t.b. tolıp atırǵan basqalar jóninde xalıqtıń úrp-ádet dástúrleri bar. Bir waqlarda bul dástúrlerdi orınlamaw yamasa onı buzıw jámiyettiń aǵzası ushın ayıp sanaladı. Mine, usınday úrp-ádet, dástúr jóninde xalıq kóp sanlı shıǵarmalar dóretti. Bul shıǵarmalardı salt-ádebiyatı dep ataymız [6.144], - degen anıqlaması oǵada durıs edi.

Ilimpaz Á.Tájimuratov «Qaraqalpaq xalıq qosıqları» (Nókis, 1965) toplamına jazǵan alǵı sózinde xalıq qosıqların tematikası boyınsha klassifikaciyalaydı hám olardı tómendegishe on túrge bóledi: I. Turmıs salt qosıqları, II. Besik jırı hám balalar qosıqları, III. Qızlar qosıqları, IV. Muhabbat qosıqları, V. Muń-sher qosıqları, VI. Násiyat qosıqları, VII. Oyın-dálkek qosıqları, VIII. Dindi áshkaralawshı qosıqlar, IX. Tolǵawlar hám termeler, X. Tariyxıy qosıqlar, - dep bólip qaraydı. Ilimpaz «Turmıs salt qosıqları»na Háwjar, Toy baslar, Bádik, Báyt, Bayaz, Aytıslardı kirgizedi. Al, «Besik jırı hám balalar qosıqları»na Besik jırın kirgizedi [7.18]. Usı klassifikaciyasına Á.Tájimuratov bılayınsha anıqlama beredi: «..biziń klassifikaciyalawımız tematikalık principte bolǵanı ushın kóbinese janrlıq tárepine kewil awdarǵanımız joq. «Besik jırı»n salt dástúr qosıqlarınan bóleklep, óz aldına qarawdı maqul kórdik» [7.18], - dep jazdı. Ótken ásirdiń 70-jıllarına kelip, professor Q.Maqsetov qaraqalpaq folklorı janrlarına ilimiy klassifikaciya islegen ilimpaz boldı. Ol folklordı proza hám poeziya tarawlarına bóledi hám N.Dáwqaraevtıń klassifikaciyasın maqullap lirikalıq hám epikalıq janrǵa bóledi. Birinshi lirikalıq janrǵa: 1. Qosıqlar; 2. Aytımlar; 3. Aytıs; 4. Naqıllar hám maqallar; 5. Jumbaqlar; 6. Jańıltpashlardı jatqaradı. Ekinshi epikalıq janrlarǵa: 1. Dástanlar; 2. Ertekler; 3. Tolǵawlar; 4. Legendalar; 5. Tariyxıy ápsanalar; 6, Anekdotlar; 7. Aўızeki gúrrińlerdi kirgizedi.

Q.Maqsetov lirikalıq janrǵa kiretuǵın qosıqlardı janr dep qaraydı. Usı qosıq janrın tematikalıq jaqtan: 1. Muhabbat qosıqları; 2. Dástúr qosıqları (máwsim qosıqları, háwjar, bet ashar, joqlaw hám t.b.); 3. Balalar qosıqları (túlkishek, ayqulash, áwelemen-dúwelemen); 4. Turmısqa baylanıslı qosıqlar; 5. Tuwǵan jer haqqında qosıqlar; 6. Aqıl-násiyat qosıqları; 7. YUmor-satiralıq qosıqlar; 8. Arnaw qosıqları; 9. Tematikası boyınsha hár túrli bolǵan házirgi dáwir qosıqları t.b [4.52]. Ilimpaz usılayınsha qosıq janrın tematikalıq túrlerge bólip, onı janrdıń «túr»i sıpatında úyreniwdi usınıs etedi. Q.Maqsetov dástúr qosıqlarınıń ishinde máwsim qosıqların bólip kórsetkeni menen, bul qosıqlar dástúr folklorınıń ishinde úyrenilmey dıqqattan shette qaldı.

Qaraqalpaq ádebiyatı hám folklorı boyınsha izertlewler alıp barǵan N.Japaqov 1970-jıllardıń basında «XI-XV ásirlerdegi folklor» atlı izertlewinde «Túrkiy tilles xalıqlardıń folklorında, sonıń ishinde qaraqalpaq folklorında da eń dáslep salt-ádet-úrp janrı qáliplesken» [8.289], - dep jazadı hám «salt-ádet-úrp janrına kiretuǵın dóretpelerdiń eń gónesine joqlaw-aytım qosıqları kiredi» [8.289], - dep kórsetedi. N.Japaqov dástúr folklorınıń joqlaw, toy baslar, háwjar, sıńsıw, bet ashar túrlerin salt-ádet-úrp janrınıń túrleri dep qaraydı. Usı janrdıń ishinde bádik aytımı hám yaramazandı diniy túsiniklerge baylanıslı salt-ádet aytımları dep ataydı. N.Japaqovtıń salt-ádet-úrpke baylanıslı dóregen folklor úlgilerin eń eski túr dep qarawı durıs. Sebebi, adamzattıń áyyemgi dáwirlerdegi hár qıylı isenim, túsiniklerine baylanıslı túrli dástúrlerdiń islengenligi, úrp-ádetleri qálipleskenligi belgili. Lekin, qaraqalpaq folklorınıń dástúrge baylanıslı dóregen úlgilerin birde janr, birde túr sıpatında qarawlar orın alıp keldi. 1977-jılı «Fan» baspasınan rus tilinde basılıp shıqqan «Ocherki po istorii karakalpakskogo folklora» atlı jámáátlik miynette qaraqalpaq dástúr qosıqlarınıń kóp túrli ekenligi kórsetilip oǵan shopanlar qosıǵı, tórt túlik mal haqqında qosıq, kalendar' jılı waqtında keletuǵın («Nawrız») hám t.b. Toy dástúr qosıqları «Toy baslar» («Háwjar»), («Yar-yar»), Sıńsıw («Kelinniń jılawı, sıńsıwı»), Bet ashar («Kelinniń betin ashıw dástúri»), Dárt, qayǵılı qosıq «Esittiriw» (qayǵını bildiriw qosıǵı), «Joqlaw», dinniń tiykarında

kelip shıqkan «Yaramazan», «Bádik» qosıqların kirgizgen [9.131]. Usı izertlewde ǵana qaraqalpaq dástúr qosıqlarına shopanlar qosıǵı, tórt túlik mal haqqındaǵı hám kalendar' qosıqları kiretuǵınlıǵı atap ótiledi. Lekin, dástúr qosıǵınıń bul túrlerine mısallar keltirilip, analiz islenbeydi. Bunnan sońǵı ilimpazlardıń miynetlerinde de analizlerdi ushıratpaymız.

Qaraqalpaq folklorı kóp tomlıǵınıń 5-tomında ilimpaz Á.Tájimuratovtıń «Alǵı sózi» berilgen. Onda «salt-dástúr jırları»n óziniń ishki mazmunına, tematikasına qaray: 1. Toy jırları: a) Toy baslar, b) Aytımal, v) Bet ashar; 2. Muńsher jırları: a) Jılaw-joqlaw, b) Sıńsıw, v) Háwjar; 3. Aytımlar: a) Besik jırı, b) Aytıslar [10.26], - dep bóledi. Á.Tájimuratov joqarıda keltirip ótken 1965-jılǵı toplamda «Besik jırı»n bólip qaraǵan bolsa, bunda «Salt-dástúr jırları»nıń ishine kirgizedi. Lekin, bul klassifikaciyada da shataslıqlar bar. Sebebi, Q.Maqsetov aytımlar hám aytıslardı óz aldına janr sıpatında qaraydı.

«Qaraqalpaq dástúr xalıq qosıqları» boyınsha izertlew jumısın alıp bargan S.Qazaqbaev qaraqalpaq salt-dástúr qosıqlırına besik jırı, tusaw kesiw, súnnetlew, quda túsiw (onıń ishinde «háwjar», «yar-yar», «sıńsıw»), toy baslaw, bet ashar qosıqları, diniy dástúrler menen baylanıslı yaramazan qosıqların analiz etedi [11.5-16]. Ilimpaz S.Bawetdinova óz izertlewinde qaraqalpaq dástúr qosıklarına bet ashar, jılaw-joqlaw, besik qosıqları (háyyiwler), sıyqır, yaramazan, tilek hám pátiya beriwdi kirgizedi [12.11]. Solay etip, qaraqalpaq dástúr qosıqları hár qıylı klassifikaciya eitilip kelingenin kóremiz. Bul másele jáhan folklortanıwında da, túrkiy xalıqlar ózbek, qazaq, túrkmen, qırǵız folklorında da tartıslı bolıp qalmaqta.

Tiykarınan xalıqtıń tariyxı, turmıs tirishiligi, siyasiy, mádeniy, ekonomikalıq jaǵdayları xalıq awızeki ádebiyatı úlgilerinde sáwleleniwin tabadı. Folklordıń basqa janrları sıyaqlı xalıq qosıqlarında da adamlardıń turmıs tirishiligi, kózqarasları hám psixologiyası beriledi. Sonlıqtan da, xalıqtıń milliy úrp-ádet dástúrlerinde orınlanatuǵın kórkem poetikalıq úlgiler folklordıń xalıq qosıqları janrınıń ishinde «dástúr qosıqları» janrı dep qaraladı. Ózbek fol'kllortanıwshıları dástúr folklorı úlgilerin eki toparǵa bólip qaraydı. 1. Máwsimlik dástúr folklorı, 2.

Shańaraqlıq dástúr folklorı [13.43]. Haqıyqatında da dástúr folklorı úlgilerin usılayınsha eki toparǵa bólgen maqul. Máwsim folklorı degende jıl pasılları menen baylanıslı, mısalı, báhár, jaz, gúz, qıs máwsimlerinde diyqanshılıqqa, sharўashılıqqa baylanıslı aytılatuǵın qosıqlar, usı máwsimlerde xalıq bayramlarına baylanıslı shıǵarılǵan qosıqlar, mısalı, «Nawrız» ulıwma xalıqlıq hám Ramazan, aydi Ruwza, aydi Qurban bayramları t.b. kirgiziwge boladı. Endi shańaraqlıq dástúr folklorı da óz ishinde eki úlken toparǵa: 1. Toy dástúr folklorı, buǵan besik toy, súnnet toy, neke toyı, alǵıs, pátiya t.b. 2. Matam dástúr folklorı, buǵan jılaw, joqlaw kiredi.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq dástúr qosıqları xalıq etnografiyası menen tıǵız baylanısıp, tematikası, mazmunı, forması, dóreliw tariyxı, ideyası hám kórkemligi boyınsha ózine tán bir qansha ózgesheliklerge iye. Professor B.Sarimsoqov durıs kórsetip ótkeenindey xalıq dástúri: «...áste-akırın kórkem pikirlew tárizinıń rawajlanıwı menen tıǵız baylanıslılıqta poetikalıq tábiyattı iyelep baradı hám usı arqalı dástúr áste-aqırın poetikalıq funkciyanı orınlawǵa ótedi» [14.12], - dep jazǵan edi. Haqıyqatında da xalıq turmısı, etnografiyasındaǵı orınlanıwı shárt bolǵan úrp-ádet, dástúrler adamlardıń ruwxıy keshirmelerinde, oy-pikir dún'yasında qáliplesip kórkem poetikalılıqtı iyelegen hám dástúr menen baylanıslı kórkem poetik úlgilerdi payda etken. Olar namaǵa qolaylastırılıp belgili bir ritm, ırǵaq, intonaciya menen atqarılıp, xalıq turmısınıń quwanıshlı hám qayǵılı kúnlerinde turaqlı jırlanıp kiyatır.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Дәуқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.

2. Айымбетов Қ., Кожуров О. Қарақалпақ әдебиятының түрлери // «Қарақалпақстан әдебияты хәм искусствосы» журналы, 1939, №4.

3. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. Материалы по диалектологии. Том 1. – Москва, 1951.

4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ фольклорының эстетикасы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971.
5. Дәўқараев Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. – Нөкис, ҚҚМБ, 1961.
6. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.
7. Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ халық қосықлары ҳаққында // Қарақалпақ халық қосықлары. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1965.
8. Наўрыз Жапақов. Еске түсриўлер. Илимий мийнетлер. – Нөкис, «Билим», 1990.
9. Очерки по истории каракалпакского фольклора. – Ташкент, «Фан», 1977.
10. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. V том. (Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт-жырлары). – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980.
11. Қазақбаев С. Каракалпакская обрядовая поэзия (Специфика. Пути формирования и развития). Автореф. канд. диссертации. – Нукус, 2000.
12. Бауатдинова С. Қорақалпоқ халқ қўшиқлари (ХХ асрнинг 60-90-йиллари). Филолог. фанл. номзоди дисс… автореферати. – Нукус, 2002.
13. Mirzaev T.,Turdimov Sh., Jo‘raev M., Eshonqulov J., Tilavov A. O‘zbek folklorı (Darslik). – Toshkent, «Tafakkur-bo‘stoni», 2020.
14. Саримсоқов Б. Ўзбек маросим фольклори. – Тошкент, «Фан», 1986.

MAZMUNÍ

**MUZÍKATANÍW**


| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Allanbaev R.O.** QOSÍQSHÍLÍQTÍŃ BÚGINGI KÚNDEGI ÁHMIYETI………………………………………………………….. | 3 |
| 2 | **Kulchigayeva M.** QORAQALPOQ XALQ QO‘SHIQLARINING O‘ZIGA XOS XUSUSIYATLARI HAQIDA ……………................... | 10 |
| 3 | **Charshemov J., Muratbaeva R.** JAŃA RUXTAǴÍ XALÍQ QOSÍQLARÍ……………………………………………………….. | 16 |
| 4 | **Charshemov J.** XVI-XVII ASRLARDA BALETNING YEVROPADA KLASSIK RAQS TURI SIFATIDA RIVOJLANISHI | 22 |
| 5 | **Abatbaeva R.** QORAQALPOQ MUSIQA SAN'ATIDA SYUITA JANRINING RIVOJI………………………………………………… | 28 |
| 6 | **Rasbergenova X.S.** MUSIQANING INSON SALOMATLIGIDAGI O‘RNI VA AHAMIYATI……………………………………………. | 38 |
| 7 | **Abdisultanov J.** QARAQALPAQ MUZÍKASÍNDAǴÍ JANRLÍQ ÓZGESHELIKLER (QARAQALPAQ MUZÍKALÍ DRAMALARDÍŃ PAYDA BOLÍWÍ HÁM RAWAJLANÍWÍ)………………………….. | 43 |
| 8 | **Charshemov J., Orazalieva G.** BAROKKO DÁWIRINIŃ GARMONIYASÍ.......................................................................... | 49 |
| 9 | **Zuxurov M.** VIOLONCHEL SAZ ASBABINIŃ KELIP SHIǴIWI, ORKESTR HÁM KAMER ANSAMBLLERINDE TUTQAN ORNI….. | 54 |
| 10 | **Uzoqov D.S.** UYG‘UR MUSIQALI TEATRINING MARKAZIY OSIYODA PAYDO BO‘LISHI…………………………………………… | 59 |


**KÓRKEM ÓNER**


| | | |
|---|---|---|
| 11 | **Mamutov P.A.** KOMPOZITOR HIKMAT RAJABOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI HAQQÍNDA...……………………………. | 65 |
| 12 | **Abdikarimova I.** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDAǴÍ BIRINSHI FLEYTA ATQARÍWSHÍSÍ……………………………… | 71 |
| 13 | **Sobirjonov A.** O‘ZBEK OPERA XONANDALIGIGA VA MILLIY QO‘SHIQCHILIGIGA ERGASH YO‘LDOSHEVNING QO‘SHGAN HISSASI.........................................……………………… | 76 |
| 14 | **Saidxonov A.S.** XX ASR YANGI VENA MAKTABI IJODKORLARI TARIXNING YANGICHA KO‘RINISHI………………………… | 80 |
| 15 | **Dauletbaev T.Q.** QORAQALPOQ BAXSHICHILIK SAN’ATINING RIVOJIDA G‘AYRATDIN UTEMURATOVNING MEHNATLARI…. | 90 |
| 16 | **Matimuratov S.** QARAQALPAQ KÓRKEM ÓNERINDE XOSH HAWAZ BÚLBÚL TAMARA DOSHUMOVANÍŃ TUTQAN ORNÍ… | 95 |
| 17 | **Ońgarbaeva L.** CHANG SAZ ÁSBABÍNÍŃ TARIYXÍ HÁM USTAZ ATQARÍWSHÍLARÍ……………………………………….……. | 100 |
| 18 | **Sharipov A.Sh.** XONANDALIKDA IJROCHILIK TAMOYIL VA ME‘ZONLARI……………………………………………………. | 106 |

MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ


| | | |
|---|---|---|
| 19 | **Rajabov X.J.** QASHQAR RUBABI BASLANǴISH SABAQ BARISINDAǴI TÁLIM MASHQALALARI TIYKARINDA...………. | 110 |
| 20 | **Abatbaeva U.A.** ART-PEDAGOGIKALIQ HÁM ART-TERAPEVTIKALIQ TEXNOLOGIYALAR TIYKARINDA BASLANǴISH KLASS OQIWSHILARIN ESTETIK TÁRBIYALAW MODELI………………………………………………………… | 118 |
| 21 | **Jumaniyazov O‘.** O‘QUVCHILARGA XALQ CHOLG‘ULARINI O‘RGATISHDA SHARQ ALLOMALARI MUSIQIY RISOLALARINING AHAMIYATI………........................................ | 125 |
| 22 | **Любимцева В.С.** ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ИННОВАЦИОННЫХ ТЕХНОЛОГИЙ – ВАЖНОЕ УСЛОВИЕ ДЛЯ СОВЕРШЕНСТВОВАНИЯ ПРОФЕССИОНАЛЬНОГО МАСТЕРСТВА ПРЕПОДАВАТЕЛЯ……………………………….... | 131 |
| 23 | **Matjanova M.** OQÍWSHÍLARDÍ ESTETIK TÁRBIYALAWDA ÁMELIY QOLLANIW METODLARÍ, FORMA HÁM QURALLARI... | 136 |
| 24 | **Jumabaev A.** NOTA OQIW TÁJIRIYBESINDE ATQARIWSHILIQ KÓNLIKPELERIN ÓZLESTIRIW HÁM QÁLIPLESTIRIW……….. | 143 |
| 25 | **Раджабова Н.** АКТИВИЗАЦИЯ ТВОРЧЕСКИХ НАВЫКОВ С ИСПОЛЬЗОВАНИЕМ ИНТОНАЦИОННЫХ ОСОБЕННОСТЕЙ МЕЛОДИИ В МЕТОДИКЕ ПРЕПОДАВАНИЯ СОЛЬФЕДЖИО…. | 149 |
| 26 | **Mutalov D.A**. YOSHLARNING MA’NAVIY SHAKLLANISHIDA MUSIQANING O‘RNI……………………………………………… | 154 |


JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER


| | | |
|---|---|---|
| 27 | **Palımbetov K.S.** QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR FOLKLORÍNÍŃ ÚYRENILIW MÁSELESI……………………………….……… | 160 |
| 28 | **Bekbergenova Z.** 1990-2000-JÍLLARDAǴÍ QARAQALPA AMATURGIYASÍ HAQQÍNDA | 168 |
| 29 | **Marziyayev J.K.** EKOLOGIK MADANIYAT VA UNI SHAKLLANTIRISH: EKOLOGIK MUAMMONI OLDINI OLISHNING BIR USULI SIFATIDA……………………………. | 176 |
| 30 | **Sadenova G.P.** KÓRKEM SHÍǴARMALARDA EPITETTIŃ QOLLANÍLÍW ÓZGESHELIKLERI HÁM USÍLLARÍ……………. | 181 |